

### SS.7.C.3.8

Analize strikti, fonksyon, ak pwosès branch lejislatif, ekzekitif ak jidisyè yo.

#### Epitou Evalye

SS.7.C.3.9 - Ilistre pwosès moun kap fè lwa yo pwosès lokal la, eta, ak nivo federal yo.

---

**SS.7.C.3.8 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3:** Elèv yo pwal distenge pami òdinans sa yo, estati ak tout zak yo nan nivo lokal, eta ak federal yo.

Gouvènman lokal yo pase lwa ki gouvènènen moun kap viv nan vilaj yo, vil yo, site yo, oubyen ak rejyon yo. Lwa lokal yo rele **òdonans**.

Gouvènman Eta a pase lwa kap gouvènènen moun yo kap viv nan eta a. Lwa Eta yo rele **estati**.

Gouvènman federal la pase lwa kap gouvènènen tout nasyon an antye. Lwa federal yo rele **Ak**.

**ak**- lejislasyon ki tou de chanm Kongrè yo te pase, ki te siyen kòm lwa anba men prezidab an oubyen pase malgre li te veto (rejte), epi pou li vin tounen yon lwa

**estati** - yon lwa ki te pase nan nivo eta a

**òdinans** - yon lwa vil la ak rejyon te pase ki afekte zaf<sup>□</sup> lokal yo tankou trafik, bri, ak kontwòl zannimo